



# CLEARY SQUARE

ENTWODIKSYON PLAN - Janvye 2024

HAITIAN CREOLE TRANSLATION



Sous imaj la: Cleary Square, Hyde Park Avenue



## APÈSI SOU ENTWODIKSYON PLAN

Entwodiksyon Plan sa a bay yon apèsi sou kontèks aktyèl Cleary Square epi li bay detay sou pwochen etap k ap genyen pandan tout pwosesis planifikasyon ak angajman 6 a 9 mwa yo te lanse nan kòmansman ane sa a. Objektif Entwodiksyon Plan Cleary Square a se bay yon rezime sou pwèn enpòtan ki konsène zòn y ap etidye a, tankou detay sou bagay ki la deja yo, jefò planifikasyon yo te fè oparavan, ak avantaj ki egziste nan kominote a.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kontèks inisyativ Plas ak Ri a, ale sou pajwèb pwojè a ki se [www.bostonplans.org/squares](http://www.bostonplans.org/squares).

## APÈSI SOU PLAS ak RI A

Plas ak Ri se yon inisyativ pou planifikasyon ak zonaj ki konsantre sou ajoute, soutni epi amelyore yon seri lojman, espas piblik, ti antrepriz, travay atizay ak kilti, nan yon seri sant katye ki aksesib grasa transpò piblik toutolon ri prensipal yo. Modifikasyon zonaj Plas ak Ri se ap youn nan premye mezi nou pran pou amelyore zonaj nan tout vil la. Mezi sa a vize rezoud yon pwoblèm lojman ki genyen kounye a. Plan Plas ak Ri yo ap konsantre sou ti zòn yo jewografik yo ak rekòmandasyon yo kapab aplike nan espas 5 ak 10 lane.

Kote nou chwazi pou plan Plas ak Ri yo baze yon dividal faktè, tankou zòn ki toupre kote ki gen transpò (ki gen ladan yo arè metwo, wout bis moun frekante anpil, arè tren pou moun ki pral travay, ak wout ki fèt pou divès mòd transpò ak aktivite), itilizasyon komèsyal ki la deja yo, distri Main Streets, ak etablisman piblik ki egziste yo (tankou bibliyotèk yo, lekòl yo, etablisman BCYF yo, elatriye). Lòt faktè pou konsidere se kote ki gen mwens moun k ap viv toupre transpò piblik, lwaye ki wo, mank lojman ki bon mache, gwo chalè epi tikal pye bwa, zòn kote anpil gwoup moun yo mete sou kote ap viv ak kote yo pa t fè twòp jefò nan zafè amenajman vil. Pèsonèl minisipal la te egzamine plan ki egziste nan Vil la pou investi nan kèk pwojè ak teren yo posede pou yo kapab asire planifikasyon Plas ak Ri yo kadre avèk plan ak pwojè ki deja ankou yo.

Piske Plas ak Ri yo anrasinen nan valè ki solid, nan aksesibilite ak ekite, nou ap fè efò pou rive atenn objektif ki vini annapre yo:

1. **Mete zonaj la ajou** pou kore devlopman pou divès aktivite, epi pou pi byen pèmèt vin gen divès kalite lojman ak opòtinite komèsyal
2. **Konsève, amelyore, epi kreye lojman ki abòdab, komès an detay ak espas kiltirèl** gras ak resous politik, devlopman ak finansman
3. **Kowòdone transpò lokal epi amelyore espas piblik yo** yon fason pou ogmante aksè epi pou ankouraje fòm transpò ki pi aktif yo
4. **Idantifye investisman kapital ak pwogram** nan diferan sèvis nan tout Vil la pou endike investisman ki kowòdone nan zòn jewografik sa yo
5. **Jwenn manyè** pou plante plis pyebwa, diminye chalè a, prepare pou teknoloji elektrik yo, epi asire n anviwònman nou kapab jere epi adapte l ak chanjman klima a

[Refòm nan zafè règleman zonaj](#) se yon eleman esansyèl pou Plas ak Ri. Zonaj la se yon ansanm lwa ki di jan moun kapab itilize tè yo ak règleman ki defini gwosè bilding moun kapab bati sou yon moso tè. Lè nou kreye règ zonaj yo, se yon mwayen pou nou fasilite konstriksyon kay yo epi ofri divès kalite sèvis kominotè.

Pou inisyativ Plas ak Ri a, pèsonèl la te kreye yon meni opsyon distri zonaj pou divès aktivite ki pèmèt yo itilize diferan kalite bilding ak wotè nan zòn yo. Yo te kreye distri zonaj sa yo sou baz analiz tandans devlopman ki la deja yo, modènizasyon zafè itilizasyon tè a nan kad Kòd Zonaj la, ak kòmantè piblik la fè. Yo ap deside pou refè zonaj pou chak plas nan katye oswa ri prensipal nan chita pale avèk piblik la epi nan analize kontèks chak kote.

## FAZ 1: ANGAJMAN POU OTÒN 2023

Pwosesis angajman Otòn Faz 1 an, ki te fèt ant mwa septanm ak desanm 2023, te pale sou fason pou enfòmè rezidan ak aktè yo sou sa inisyativ Plas ak Ri a ye ak sa pwosesis planifikasyon an ap chèche reyalize. Yo pibliye yon rezime rezilta yo sou sitwèb BPDA a - [Rapò angajman pou otòn 2023](#).


Nan sondaj sou planifikasyon an, ki te fèt nan kad angajman Otòn nan, 45 patisipan sou 762 te soti nan Hyde Park. Men tèm ki soti nan sondaj la ak chita pale yo te fè avèk aktè, rezidan, ak òganizasyon yo nan Cleary Square:

- **Plis espas resanbleman** - Rezidan yo mande plis espas pou yo rasanble. Yo te vle alafwa espas natirèl pou piblik la, tankou ti pak ak lari ki gen plis pyebwa, pi bon ekleraj, ak espas pou timoun yo jwe. Epitou, yo te bezwen genyen plis bagay amizan pou yo fè anndan ak plis aktivite nan sant kominotè a. Hyde Park Main Streets Pocket Committee te vle amelyore yon plas lokal yo te aktive.
- **Amelyorasyon magazen ki vann an detay** - Kèk patisipan te di yo vle yon pi gran varyete magazen nan zòn nan pou yo ka atire plis vizitè. Epitou, yo vle kore ti antrepriz ki pou gwoup minorite yo epi atake pwoblèm devan lokal biznis ki vid la. Yo te mete aksan sou jan li enpòtan pou gen plis kote moun ka chita pou manje tankou restoran ak kafe. Epitou, yo te mete aksan sou jan li enpòtan pou yo jwenn plis manje ki bon pou lasante, ansanm avèk pi gwo makèt ak sèvis espesyalize.
- **Plis opsyon lojman pou divès aktivite** - Kèk moun ki patisipe nan sondaj la te di yo bezwen genyen plis opsyon lojman nan katye a, sitou nan zòn ki toupre estasyon tren yo (tankou Cleary ak Logan) ak toupre prensipal zòn komèsyal yo pou ka amelyore yo. Yo rekòmande pou yo konstui bilding ki byen kadre avèk anviwònman estil ki egziste nan zòn sa yo.

# KONTÈKS AK ISTWA PLANIFIKASYON

## APÈSI ISTORIK SOU CLEARY SQUARE

Otrefwa, zòn ki rele Hyde Park jounen jodi a, se te yon katye ki te genyen imigran Ilandè, Italyen, ak Polonè ladan l. Hyde Park pran nesans lè moun t ap deplase pou kite anba lavil la epi avèk devlopman Providence Railroad Hyde Park. Li te vin fè pati vil la tousuit apre 1912.<sup>1</sup>



Imaj: Kat Hyde Park (1890)

Lè te gen kwasans ekonomik apre Premye Gè Mondyal la, Cleary Square te tounen nannan katye a pou zafè biznis, aktivite gouvènmantral, rasanbleman kominotè, ak transpò. Te genyen plizyè gwo enstitisyon sivik ki te vin enstale kò yo ladan l tankou bilding minisipal ak bibliyotèk piblik katye a. Men, gwo evènman ki te pase nan sosyete ak ekonomi an pandan tou 20yèm syèk la te lakoz chanjman nan bagay yo. Apati ane 1970 yo, Cleary Square, menm jan ak anpil distri iben nan vil la, te vin gen difikilte epi aktivite yo te bese. An menm tan, konpozisyon rasyal fanmi yo te kòmanse

chanje. Nan kòmanse ane 1990 yo, Cleary Square te amelyore gras ak nouvo fanmi yo ki te rive epi pran swen kay yo. Yo te pote yon chanjman pozitif pou moun yo ak antrepriz yo nan Hyde Park.<sup>2</sup>

## ZÒN ETID CLEARY SQUARE

Reyon jewografik zòn Cleary Square a ap nan yon distans yon tyè ( $\frac{1}{3}$ ) mil (0.80 kilomèt) ozalantou prensipal kafou komèsyal ki nan Cleary Square, Hyde Park Avenue ak River Street. Sa genyen ladan l prensipal zòn komèsyal ki toupre estasyon tren banlye yo. Kat ki nan paj anba a montre zòn espesifik ki nan sektè resansman yo kote omwen 25% espas la twouve li nan yon zòn tanpon ki nan yon distans yon tyè ( $\frac{1}{3}$ ) mil (0.80 kilomèt). Enfòmasyon sa yo sèvi kòm baz pou done aktyèl sou kondisyon ki nan zòn sa yo.


<sup>1</sup> Imaj: Hyde Park, Massachusetts: 1890, Norman B. Leventhal Map Center Collection

<sup>2</sup> Referans: Sosyete Istorik Hyde Park - se Nancy H. Hannan ki Drese Lòd Kwonolojik la (1999)



## POUKISA SE CLEARY SQUARE?

Cleary Square se yon distri komèsyal istorik ki nan yon distans apeprè sèt (7) mil (11 kilomèt) ak Boston nan kwen nòdès katye Hyde Park. Li konsève yon pil ansyen bilding epi li genyen divès kalite restoran, magazen, ak depo. Anplis, gen anpil posiblite pou amelyore espas komèsyal yo ak kay yo. Estasyon Hyde Park la se kote tren banlye MBTA a asire zafè transpò nan zòn sa a. Li konekte ak




Providence/Stoughton Line, epi ak tren Franklin/Foxboro Line lan nan moman gen anpil blokis yo, epi li konekte ak rezo bis transpò piblik ki rapid la.



Imaj Agoch: Sektè Resansman pou Cleary Square  
Imaj Adwat la: Zòn Plan Cleary Square ak gwo resous transpò piblik yo

Cleary Square se tankou nannan Hyde Park. Se la River Street ak Hyde Park Avenue kwaze, epi depi lontan se prensipal sant biznis ak aktivite kominotè nan katye a. Epitou, li gen yon pil eleman istorik, natirèl, ak kiltirèl enteresan ki anviwonnen li, epi gen anpil moun k ap viv ladan l.

Imaj: Kote Cleary Square ye nan Boston




Zòn sa a pèmèt ou itilize antrepriz ak mwayen transpò ki la deja yo tankou estasyon tren Roslindale Village la ak sèvis bis ki rive nan arè yo pi souvan. Konsa, plis fanmi kapab pwofite avantaj yon sistèm transpò piblik ki rapid, magazen ak sèvis ki aksesib fasil ak espas natirèl.

Pou kounye a, genyen 1,688 kay ki gen moun ladan yo nan zòn etid Cleary Square a, swa 4,065 moun,

oswa anviwon 12% nan popilasyon total Hyde Park la (34,172 rezidan). Soti 2010 rive 2020, kantite moun k ap viv nan Hyde Park ogmante rive 5.6 pousan, sa ki pa rapid menm jan ak kwasans vil la ki se 10.5 pousan. Anviwon 50% moun k ap viv nan Cleary Square di yo se Moun Nwa/Ameriken Nwa, men sa pa t toujou konsa. Jan grafik la montre sa anba a, te prèske pa t genyen divèsite rasyal nan Cleary Square pandan ane 1970 yo. Gwo chanjman ki te fèt nan sosyete a ak ekonomi an, tankou lè yo melanje diferan lekòl ansanm, te transfòme katye a. Epitou, sa te lakoz yon modifikasyon nan konpozisyon rasyal katye a.

Racial Composition of Cleary Square Residents, 1950-2020




Sous: Biwo Resansman Etazini, Resansman Chak Dis Lane 1950–2020

Cleary Square ap konnen yon **sitiyasyon ki rive sou nan boston. Ansyen jenerasyon an, ki rele bebiboumè, kontinye ap vyeyi sou plas. An menm tan, gen mwens timoun ki fèt paske sa ki pi jèn, nou rele milenyal yo (moun ki fèt ant 1981 ak 1996) ak sila ki fèt apre yo, tann pi lontan anvan yo fonde yon fanmi. Reta sa a yo pran an se akoz tandans sosyo-ekonomik yo ak pri kay k ap ogmante.**

Espas ki anviwonnen Cleary Square a sanble ak yon sant katye nòminal nan Boston, kote gen yon melanj aktivite tradisyonèl. Yon sèl kote, gen yon melanj diferan kalite bilding ak itilizasyon, tankou enstitisyon kominotè ki pa peye taks, antrepriz, bilding apatman ki gen anpil inite lojman ki ka pran plizyè fanmi, bilding apatman ki pi piti ki ka pran plizyè fanmi, ak kay ki ka pran yon sèl fanmi. Anplis, **ant 2013 ak 2023, espas total anndan bilding yo nan Cleary Square te ogmante rive 4.7%.** Prèske tout travay konstriksyon yo te konsantre sou **bilding yo itilize pou divès aktivite oswa bilding ki gen sèt (7) inite lojman oswa plis.**


## Current Land Uses by Built Square Feet



Sous: Done sou Moso Tè pou Ane Fiskal 2023 - Done Evalyasyon Vil Boston, BPDA GIS

Cleary Square gen ladan l **381 antrepriz ak 1,120 djòb**. Se yon melanj antrepriz ki konsantre yo sou sektè enfòmasyon, finans ak sèvis, tankou swen pèsonèl ak antretyen. Pami pi gwo enstitisyon ki nan zòn etid la genyen plizyè legliz, yon biwo lapòs, yon komisarya, yon sal espektak, yon YMCA, ak yon sant kominotè. **Pifò antrepriz nan Cleary Square se ti antrepriz. Gen apeprè 45 pousan ladan yo ki gen senk (5) anplwaye pou pi piti.** Sektè ki bay plis moun travay la se sektè enfòmasyon, finans, ak sèvis pwofesyonèl epi sèvis pou antrepriz. Sektè sa a gen 84 antrepriz ki bay 401 moun travay. Prensipal makèt ki nan zòn Hyde Park la rele Shaw, ki chita kò li jis deyò zòn etid la.

### Business Composition of Cleary Square



Sous: Source: December 2023 BPDA Research Division business database (DataAxle, Yelp, Bing, YellowPages, Boston Licensing Board).

**Pa gen twòp magazen vid nan Cleary Square** (0.3 pousan nan twazyèm trimès 2023 a). Sa vle di li posib pou yo bezwen plis espas komèsyal nan zòn sa a. Pri pou lwe espas komèsyal yo ap ogmante. Nan twazyèm trimès la, li te rive jiska \$23 pou chak pye kare pa rapò ak \$22 pou chak pye kare yon ane anvan. **Pandan pandemi an, moun yo te depanse plis lajan** nan Cleary Square, selon done MasterCard pibliye. Se petèt paske yo te pase plis tan lakay yo olye yo ale travay oswa vwayaje.

### Rapò Depans Moun yo nan Cleary Square pa rapò ak Nivo 2019 yo

	2020	2021	2022	2023*
<b>Depans Global Komès Detay yo</b>	122%	130%	131%	127%
<b>Restoran</b>	99%	123%	130%	145%
<b>Makèt ak Magazen Manje</b>	123%	156%	146%	158%

Sous: MasterCard, Analiz Divizyon Rechèch BPDA (\*Pou peryòd janvyè rive jiska septanm 2023, nou egzamine done yo epi nou konpare yo ak menm peryòd janvyè rive septanm 2019. Sa gen ladan l mwa janvyè ak septanm pou toude ane yo. Nou fè l konsa se pou n ka itilize done ki disponib nan moman nou ap fè analiz la)


**Nan Hyde Park, pa gen twòp bilding apatman pou plizyè fanmi ki disponib kounye, sèlman 1,6 pousan**, sa ki pi ba pa rapò ak mwayèn nan tout vil la, ki se 4.4 pousan. Nan lane 2022, Hyde Park te genyen 931 inite lojman ki bon mache. Men kantite sa a te sifi sèlman pou **anviwon 35 pousan**



**nan fanmi Hyde Park k ap viv ak mwens pase 300% nan nivo povrete federal la.** Sa montre gen yon gwo bezwen pou gen plis lojman abòdab nan Hyde Park.<sup>3</sup> **Nan Hyde Park, 37% moun ki lwe kay depanse 35 pousan oswa plis nan revni kay yo pou yo peye lwaye,** sa ki montre anpil ladan yo ap peye lwaye byen chè epi sa montre fòk genyen plis lojman ki bon mache nan Hyde Park. Nan Hyde Park, kay yo gen an mwayèn plis pase moun pase tout vil la. Kay nòminal la nan Hyde Park gen 2,72 moun, tandiske mwayèn vil la se 2.25 moun pou chak kay.<sup>4</sup>


Menm si Cleary Square twouve li nan pati sid vil la, li byen konekte ak katye ki ozalantou yo ak anba lavil la gras ak tren banlye MBTA, divès liy bis (liy 50, 33, 32, 24), ak ri prensipal ki travèse limit katye yo tankou River Street ak Hyde Park Avenue. **Clearly Square genyen de (2) estasyon tren** ki konekte ak divès kote, sa ki rann li espesyal. Gen plis pase **75% nan fanmi yo ki gen yon machin, ladan yo gen 22% ki pa genyen ditou.** Anplis, **li pa fasil pou ale nan nouvo rezo bisiklèt vil la apati zòn sa a.** Men, gen chemen sou bò Neponset River, toupre Truman Parkway.

Percentage of Households by Vehicle Availability, Cleary Square and City of Boston



Sous:: Biwo Resansman Etazini, Ankèt sou Kominote Ameriken  
(American Community Survey, ACS) 2018 - 2022

Ant 2020 ak 2022, te genyen 102 aksidan sikilasyon ki te mande entèkansyon annijans nan espas zòn etid la. Pifò aksidan yo te fèt nan ri prensipal Cleary Square yo. **Plizyè gwo pwojè transpò pral chanje fason zafè transpò a fonksyone nan Cleary Square.** MBTA a fè chanjman nan sistèm bis la. Youn nan chanjman sa yo se ogmante frekans bis yo vin sou Hyde Park Ave. Donk, bis yo ap pase pi souvan, chak 6 a 15 minit pandan tout jounen an.



<sup>3</sup> Vil Boston, Biwo Majistra a pou zafè Lojman (Mayor's Office of Housing, MOH) ak Sondaj Kominote Ameriken ane 2018-2022

<sup>4</sup> Biwo Resansman Etazini, Resansman 2020, Analiz Divizyon Rechèch BPDA


Pati prensipal Clearly Square genyen ti twotwa, kèk pyebwa ak mèb. Men, gen kèk kote, sitou nan ri ki mennen dirèkteman nan estasyon tren banlye yo, ki pa **genyen ase twotwa oswa pa genyen ditou. Donk, li difisil pou moun yo ale a pye nan gwo estasyon transpò piblik sa yo.** Kat Endis Chalè Gran Vil la (Urban Heat Island Index, UHII) montre diferan tanperati ki genyen nan Boston pandan yon similasyon vag chalè pa rapò ak kote ki pi fre yo. Nan zòn ki gen wout laj, tikal pyebwa, ak anpil bilding, endis UHII a pi wo. Kat anwo a montre tanperati mwayen li fè nan Clearly Square lè l fè 3è nan apremidi pandan yon similasyon vag chalè. Sa endike jan nivo chalè gran vil la wo. Sa ka anpeche kèk moun pakouri distans sa a pou yo al achte byen ak sèvis esansyèl yo.

## KONTÈKS ZONAJ

Yo reglemante zonaj pou Clearly Square nan kad Distri Katye Hyde Park, Atik 69 nan Kòd Zonaj Boston an. Ou jwenn yon dividal soudistri ak lòt règleman zonaj nan tout katye a, men zonaj Clearly Square a li menm fèt sitou pou aktivite komèsyal. Soudistri Magazen nan Katye (NS) ak Ti Boutik nan Zòn (LC) ankouraje byen ak sèvis ki bon pou tout katye a. Zòn ki ozalantou sant komèsyal Clearly Square yo fèt sitou pou kay ki kapab pran de (2), ak twa (3) fanmi.

Pifò bilding nan vil la, menm sa ki nan Clearly Square yo, **pa respekte règ zonaj pou konstriksyon yo. Se sèl yon ti pousantaj (4.3%) ki respekte règ yo.** Sa vle di kèk aspè nan kondisyon yo ye kounye a deja pa respekte sa règ zonaj yo t ap pèmèt yo konstui, epi nenpòt chanjman ki fèt nan moso tè sa a ap mande pou Komisyon pou Kontestasyon Zonaj la bay otorizasyon. Sitiyasyon sa a se reflè dirèk jefò rediksyon zonaj la nan katye Boston yo apati ane 1980 yo, epi li se yon faktè kle ki rann li difisil pou yo amelyore oswa konstui lojman nan Clearly Square.

Zoning Conformity for Lot Size, Unit Count, FAR, and Overall Combined



Sous: Done sou Moso Tè pou Ane Fiskal 2023 - Depatman Evalyasyon vil Boston, BPDA GIS

Epitou, genyen kouch zonaj ki kouvri Cleary Square, tankou Distri Pwoteksyon Senti Vèt sou Enneking Parkway, ki prezève epi ki amelyore kalite lè a nan pwoteje vejetasyon ak espas natirèl yo. Menm jan an, genyen yon Kouch Pwoteksyon Bò Rivyè tou ki prezève ak amelyore resous rivyè yo ak anviwònman natirèl la nan pwoteje vejetasyon ak espas natirèl ki sou bò kanal navigab vil la.

## VERIFIKASYON PLAN KI LA DEJA

### PLAN ESTRATEJIK KATYEHYDE PARK (2011)

Plan Estratejik Katye Hyde Park la se aboutisman yon pwosesis planifikasyon de (2) lane pèsònèl Otorite Redevlopman Boston an ak konsiltan yo mennen pou katye a. Plan an, yo elabore nan lane 2011, se kat chanjman ki gen pou fèt. Li mete aksan sou eleman enpòtan yo tankou amelyorasyon transpò, kreyasyon espas natirèl, ak amelyorasyon figi lari yo. Chanjman sa yo ap fèt tikal pa tikal, epi yo separe ak nouvo règleman zonaj yo. Epitou, plan an genyen ladan l rekòmandasyon espesifik pou elaborasyon aktik zonaj pou Hyde Park.

*Men kèk nan rekòmandasyon etid la:*

- Kore biznis katye yo pou asire yo rete djanm epi kontribye nan mannyè ki pozitif nan kominote a alontèm nan rann distri komèsyal yo atiran.
- Rann sikilasyon an pi likid, jwenn pakin ki pi fasil epi ankouraje moun itilize bekàn, mache a pye nan plas machin.
- Kreye yon seri soudistri ki gen espas natirèl pou anpeche lòt konstriksyon espas natirèl piblik epi ranfòse pwoteksyon espas natirèl piblik sa yo.

### ETID MACHE DETAYHYDE PARK LA (2009)

Etid Mache Detay Hyde Park la, yon konsiltan prepare pou BRA, te gen pou objektif amelyore ansyen sant katye Hyde Park la. Etid la te espesyalman analize Cleary ak Logan Square nan Boston pou l konprann mache detay ki genyen nan zòn nan epi kore jefò k ap fèt pou amelyore li. Rapò sa a prezante rezilta yon etid ki fèt sou kliyan yo ak kalite antrepriz yo nan distri a. Li egzamine efè rezilta sa yo genyen sou jefò k ap fèt pou amelyore katye a epi li bay kat (4) domèn estrateji devlopman yo dwe konsantre sou yo.

*Men kèk nan rekòmandasyon etid la:*

- Kreye yon anviwònman komèsyal ki pwòp epi ki san danje kote tout moun kapab ale fasil, kit yo a pye kit yo nan machin.
- Ogmante depans konsomatè yo nan distri a nan pote kole avèk pwopriyetè magazen yo pou yo amelyore pwodui yo ofri nan magazen sa yo, amelyore fason yo prezante pwodui yo, epi mete nouvo magazen detay nan anba lakay la

- Ogmante aktivite wikenn ak nan nuit avèk yon nouvo mache kiltivatè ak atizan chak semèn, plis evènman ak festival chak sezon nan espas piblik yo, epi nouvo aktivite atistik ak divètisman epi nouvo restoran.

## INISYATIV PLANIFIKASYON AK PLAN AKSYON POU FAIRMOUNT INDIGO (2014)

Inisyativ Planifikasyon Fairmount Indigo a se te yon etid BRA twa lane Vil Boston te mennen. Inisyativ la te etidye estrateji akoutèm ak estrateji alontèm pou amelyore investisman kapital, amelyorasyon domèn piblik la, epi fè moun jwenn travay sou liy tren banlye Fairmount Indigo a ki gen yon longè 9.2 mil (14 kilomèt). Etid la te pèmèt yo jwenn mwayen pou amelyore komès ak lojman nan tout zòn nan. Epitou, li te sijere pou yo fasilite transpò piblik, amelyore espas piblik yo epi lanse pwojè ki vize ranfòse kominote a.

## PLAN AKSYON POU TRANSPÒ PIBLIK NAN SIDWÈS BOSTON (ANKOU)

Depatman Transpò nan Vil Boston ap fè yon analiz ak yon plan aksyon ki konsantre sou transpò piblik pou Hyde Park, West Roxbury, ak Roslindale nan lide pou l amelyore opsyon transpò nan Sidwès Boston. Pifò liy bis nan katye sa yo gen pou objektif tanspòte pasaje yo nan rezo transpò piblik oswa tren banlye ki rapid yon mannyè ki rapid epi efikas. Minisipalite a vle asire li moun yo kapab rive kote ki enpòtan nan katye a oswa lòt kote yo. Pwojè sa a ap prezante konsepsyon ki konsantre sou aksè ak pòte bis ki sou Hyde Park Avenue.



Imaj: Arè bis Hyde Park Ave

# PWOCHEN ETAP YO

## ANGAJMAN INISYATIV PLAS AK RI A

Yo te elabore yon Modèl Plan Angajman Plas ak Ri a pou gide aktivite angajman pou tout plan yo. Angajman piblik la ap fèt pandan tout pwosesis planifikasyon 6 a 9 mwa a. Pandan peryòd sa a, ekip la ap òganize aktivite fas-a-fas ak aktivite vityèl. Kèk nan aktivite yo ap gen ladan yo sondaj, pwomnad nan kominote, atelye refleksyon, ak yon laboratwa angajman sou plas.

Ap gen moun ki pou tradui tout dokiman enpòtan yo ak reyinyon piblik yo nan lang prensipal yo itilize nan zòn etid la. Mete sou sa, ekip pwojè a ap pale avèk moun ki enpòtan nan kèk domèn espesifik pou yo detèmine ki lang, anplis sila yo ki nan done resansman yo, ki ta dwe benefisye



sèvis tradiksyon. Pou kounye a, de (2) lang yo ap tradui pou Cleary Square se Panyòl ak Kreyòl Ayisyen.

## **ANTRE AN KONTAK**

Nou ankouraje ou ale sou paj wèb Cleary Square a pou w konnen pwochen evènman ak aktivite angajman yo. Reyinyon piblik pou lanse Plan Cleary Square a ap fèt ant mitan ak fen mwa fevriye. Yo poko detèmine dat, lè, ak kote l ap fèt. Kontakte ekip pwojè Plas ak Ri a lè w voye yon imèl nan [squaresandstreets@boston.gov](mailto:squaresandstreets@boston.gov) oswa lè w kontakte Responsab Pwojè Cleary Square a, ki se Catherine Neill, dirèkteman nan [catherine.neill@boston.gov](mailto:catherine.neill@boston.gov).